



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES



## Kopi Imel Bilten Enfòmasyon

### **Èd Alimantè Ijans SNAP Yo Ap Fini Byento Sa ou Dwe Konnen ak Ki Kote pou w Jwenn Resous Anplis yo**

Divizyon Sèvis Sosyal Delaware la te bay Benefis Alimantè Ijans chak mwa pou fanmi ki kalifye yo depi Mas 2020 kòm yon pati nan asistans siplemantè yo te bay pandan ijans sante piblik federal COVID-19 la. Benefis Alimantè Ijans yo te pèmèt tout fanmi SNAP yo resevwa omwen \$95 nan benefis siplemantè yo chak fen mwa.

Yo te vote yon lwa federal ki mete fen nan Èd Alimantè Ijans yo. **Fanmi SNAP yo pral resevwa dènye alokasyon Benefis Alimantè Ijans yo nan dat 28 fevriye 2023.**

**Apati Mas 1, 2023, Fanmi SNAP yo ap resevwa èd masyèl yo a sèlman nan dat nòmal yo konn bay yo. Fanmi yo p ap resevwa Èd Alimantè Ijans siplemantè sou kat EBT yo a ankò nan chak fen mwa.**

Nou konnen ke chanjman gendwa mete patikilye ak fanmi yo nan difikilte. DHSS ankouraje abitan Delaware yo ki nan bezwen èd alimantè pou yo kontakte Delaware 2-1-1 pou jwenn klozèt manje oswa gadmanje ki pi pre oswa vizite sit entènèt Depo Manje Delaware nan [fbd.org](http://fbd.org).

Ou ka tcheke balans Èd Alimantè w la sou kat EBT w la sou [www.ConnectEBT.com](http://www.ConnectEBT.com) oswa rele nan 1-800-526-9099.

Si w gen kesyon sou benefis ou yo, rele 1-866-843-7212 (Lendi jiska Vandredi, 8:00 AM jiska 4:30 PM). Pou jwenn plis enfòmasyon sou chanjman sa yo, sou lòt resous yo tou, vizite [de.gov/snapchanges](http://de.gov/snapchanges).

#### **Resous Siplemantè ki ka Enprime yo:**

- [Flayèz 8.5 x 11](#)
- [Flayèz \(Senplifye\) 8.5 x 11](#)
- [Flayèz Resous pou Fanmi ki nan Nesesite Èd Adisyonèl](#)